ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№240 (21.398) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 16, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Абдулаев М. К. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Щыхь тхылыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи ветеран зэщІэхъеенныгъэм зегъэужьыным кІаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылыр етын Абдулаев Мустэфа Камал и къуэм - зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ ЗэщІэуэзэда кІарухэм, хабзэхьуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык кІалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык кІалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м
№136-УП

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІуІэщІэ зэхэтащ. Абы кІрихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей, КъБР-м финансхэмкІэ и министр Бышэн Аэрэт, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр Мусуков Алий сымэ. ЗэІуІэщІэр иритьэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кІуэдзэ Берд Хьэзрэталий

ЗЭІУІЩІЭМ и пэщІэдзэм Бышэн Аэрэт зэпкърыхауэ тепсэлыхьащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр мы гъэм и мазэ 9-м зэрагъэзэщІам, 2009 - 2011 гъэхэм КъБР-м курыт лъэхъэнэм теухуа и финанс планым, «2008 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхэуэкІынымрэ зэхэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым.

Ярин Андрейрэ Бышэн Аэрэтрэ депутат куэдым я упщІэхэм жэуапхэр иратащ.

АдэкІэ Президиумым хэтхэр хэпльащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм кІыхьалхьэ жэрдэмхэм. Къащтэмэ, Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщым и кІуэдзэ Атэлыкь Анатолэ депутатхэм я пащхьэ кІрилъхьащ «МылькунШэ (банкрот) зэрыхьуэм и Іуэхукіэ» Федералъэ законым, банкрот Іуэхуэхэр кІыщІэткІэ щэнхабзэ Іуэхущіапіэхэм ящыщу социальнэ мыхьэнэ зиІэ объектэ конкурсым хагъэхьэхэм я спискэм щІыгъужьын и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэм зэрызыхуагъаззэр.

Щэнхабзэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкіэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ Іэпщэ Заур кІыхилъхьэри, зэІуІэщ щыхэпльащ Урысей Федерацэм и кІэрал щІалэгъуалэ политикэм теухуа законодательствэр егъэфІэкІуэныкІэ кІэралым и унафэщІхэм зэрызыхуагъаззэм. ЩІалэгъуалэ политикэм и Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр законодательствэм тэмэмуэ зэрыщІитъэбыдэр кІыхагъэщри, парламентархэм жаІащ кІэрал щІалэгъуалэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхьыщхьэхэр зыІубзыкъ закон акт Урысей Федерацэм иІэн Іуэхукіэ» кІыхьэралыстэр икІи ищхьэкІэ кІыщыгъэльэгъуэ жэрдэмыр дылагъащ.

Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныкІэ комитетым и Краснодар мак1уэ. Гъуэгум километр 201-рэ и кІыхьащ, Каменномост, Абзэхэ, Тулэ, Понэжыкъуей жылагъуэхэр, Мейкъуапэ, Адыгейск кІалэхэр кІыхьэщІеубыдэ.

БАТЫР Любэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

ЩІалэгъуалэрщ къэралым и къэкІуэнур

● Пшыхьхэр

● Хъыбар гуапэ

Къалащхьэм ИлъэсыщІэм зыхуегъэхьэзыр

Налшык и утхэмрэ хьэблэхэмрэ илъэсыщІэм ирихьэлІэу псей хэпльыхьахэр щагъэувынущ. Апхуэдэу псейхэр щагъэщІэрэщІэнущ Налшык къалэ округым хыхь къуажэ псоми. ИлъэсыщІэм япэ кІыхуэу Къэбэрдей-Балкъэрым и къалащхьэм щекІуэкІыну жармыкІэхэм цІыхуэхэр махуэщхуэм ирихьэлІэу нэхъ зыхуеину хьэщыпхэмрэ ерыскъыгъуэхэмрэ къыщащхуфІынущ.

КъАЛЭадминистрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хьэгъэс Залымджэрий и пашэу Налшык къалэм и администрацэм кІыщыхэзрагъэпэщащ илъэсыщІэм пыщІа гуфІэгъуэхэр егъэкІуэкІыныжмкІэ кІыхэзгъэпэщащ кІуэ комитет.

Илъэсыщ1эр гъэпэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымкІэ іужькІыгъэхэм кІыхашэнущ сурэтыщІхэр, щэхабзэм и лэжьакІуэхэр, электросетым, коммунальнэ Іуэхущіапіэхэм я Іэщ1агъэлІхэр, дэлэпкъыгъэхэр псынщІэм и дохутырхэр, милицэр, мафІэс къэмыгъэхъэныжмкІэ къалэм и Іуэхущіапіэхэм я пэмкъакІуэхэр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, илъэсыщІэ псейхэр щагъэщІэрэщІэнущ къалэм и уг нэхъыщхьэ псоми. 2009 гъэр кІыззрыунэхъм пыщІа Іуэху нэхъыщхьэ дыдэр Абхъазым и утым дыгъэгъазэм и 31-м щекІуэкІынущ. Абы пщыхьэщхьэм сыхьэт 19-м щыщІэдзауэ сыхьэт 23-м нэсыху, жэщым сыхьэт 01-м щыщІэдзауэ 03-м нэсыху илъэсыщІэ концерт щыІэнущ, хьэрэкІытІэхэр щыдгъэуеинущ.

КЪУБАТИЙ Нуржан.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и зи чэзу зэІуІэ 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм (Лениным и уэрам, 27) щекІуэкІынущ.

ЗэІуІэм щыщІидзэнэр сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэ.

ЩІыналъитІыр зэпащІэ

АДЫГЕЙ. ***Урысей Федерацэм Транспортымкіэ и министерствэм и унафэкІэ Адыгейм и Мейкъуапэ районым и Победэ жылагъуэмрэ Краснодар къалэмрэ зэпызыщІэ автобус маршрут УФ-м и автомобиль-транспорт реестрым иратхащ.***

МЕЙКЪУАПЭ район администрацэм и управленэм и унафэщІ Афанасьев Сергей зэрыжиІамкІэ, Победэ, Каменномост, Тулэ, Абзэхэх жылагъуэхэм ципсэухэр мыхьмытІэу щІыпІэ зэхуэмыдэхэм щылъэІуащ Краснодар къалэ зэрыкІуэн автобус маршрутым къытрагъэувэну.

«МаршрутыщІэм илъэсиц хуэдизкІэ делэжьащ. Районым икІи Краснодар кІуэхэми, ди деж къакІуэхэми я Іуэхур иджы нэхъ тынш хъуащ. Туристхэми Іэмал ягъуэтащ Победэ жылагъуэм дэт Михаил ЦІихьым и цІэр зезыхьэ цІыхухьу члисэр (монастырь), Адыгейм и нэгъуэщІ щІыпІэ дахэхэр зрагъэлъагъуну», - жиІащ Афанасьев Сергей.

Победэ жылагъуэм икІыу автобусыр тхьэмахуэм плІэ Краснодар къалэм зэхуэдэ щІыгъужьын и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэм зэрызыхуагъаззэр.

Щэнхабзэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкіэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным теухуауэ Іэпщэ Заур кІыхилъхьэри, зэІуІэщ щыхэпльащ Урысей Федерацэм и кІэрал щІалэгъуалэ политикэм теухуа законодательствэр егъэфІэкІуэныкІэ кІэралым и унафэщІхэм жаІащ кІэрал щІалэгъуалэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр зыІубзыкъ закон акт Урысей Федерацэм иІэн Іуэхукіэ» кІыхьэралыстэр икІи ищхьэкІэ кІыщыгъэльэгъуэ жэрдэмыр дылагъащ.

Аграрнэ политикэмрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпныныкІэ комитетым и унафэщІ Несутулов Виктор депутатхэм я пащхьэ кІрилъхьащ мэкъумэш лэжьыгъэхэр щрагъэжІуэкІ льэхъэнэм мэкъумэшыщІэхэм кІащэхуа дизель гъэсыныпхъэмрэ минерал щІыгъэпшэрхэмрэ трагъэкІуэдам щыщ Іыхьэ хуапшыныжьын папщІэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм 2009 гъэм субсидиехэр яхуэутІипщыным теухуа Іуэхур.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм унафэ ящІащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и ЩІыхь тхылыр Балкъыз Валерэ Лабий и кІуэм - Урысей Федерацэм, КъБР-м щІыхь зиІэ я артистым иратыну.

ЗэІуІэм и кІэуэным Несутулов Виктор депутатхэм яхуиІуэтэжащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкІэ ещанІэ зи чэзу Іэхухуэм теухуауэ Краснодар къалэм щекІуэкІа зэІуІэм зэрыхэтар.

БАТЫР Любэ.

Бэгъэпщ Сергей и зэфІэкІыр къалъытэ

АБХЪАЗ. ***Бельгием и жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыхь дипломхэр Абхъазымрэ Осетие Ипшэмрэ я президентхэу Бэгъэпщ Сергейрэ Токоевтэ Эдуардрэ иджыблагъэ къыхуагъэфащащ.***

АБХЪАЗЫМ и президентым и пресс-Іуэхущіапіэм къыззритамкІэ, Бельгием и жылагъуэ зэгухьэныгъэм республикэм и ліыщхьэ Бэгъэпщ Сергей къритащ «Лъэпкъымрэ Хэкумрэ псэ хьэлэлкІэ зэрыхуэлажьэм папщІэ» щІыхь дипломыр.

Къыхэдгъэщынщи, «Гъуэзджэр гъунапкъэнэшэщ - Мамырыгъэм и лъэмыжщ» зэгухьэныгъэм игъэпэжащ мамырыгъэр дуней псом щыгъэбыдэныжмкІэ, щІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныжмкІэ 2008 гъэм лэжьыгъэшхуэ езыгъэкІуэкІа политикэр, къэрал лІыщхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Адыгэ псалъэр» къыхызох

Сы-«Адыгэ псалъэщ»

Сыадыгэщ, сы-«Адыгэ псалъэщ»,
Махуитху зэкІэлъыкІуэм сыкъыдокІри,
Кьыхэмыкьыу пІалъэ,
Сэ унагъуэ куэдым салъэІэс.

Жылэ хэпльыхьауэ къащып хьэрфхэр,
Вагъэ хужь си напэм трасэж,
Кьыщагъуэтри си деж щхьэж ифІэфыр,
Ар акьыл зэхэдзэщ, щІаджькІыж.

ХьыбарыщІэу дуней псом щызекІуэр
Кьыщагъуэтыр и чэзум си деж.
СагъэщІэрэщІэжри сурэт екІуэхэм,
Ахэми кьыватыр гукьыдэж.

Зэхуэошэсыжыр ди адыгэу
Кьытхуэпабгъэу дэнэжІи щыпсэур.
Зи псэм хэльу хьуам
муслымэныгъэр
Мазэ къэс хухахыр напэ псо.

УпщІэ куэдым срижэуаптакІуэщ:
Фи лэжьыгъэ, фи унагъуэ Іуэху...
Кьатхэ, кьыщІэупщІэ, щІэджькІакІуэ,
Уигу щІэныкъуэ псори сэ сфІэІуэхущ.

МыкІуэщІыжу сиІэщ «Дыщэ пхъуантэ»,
Іуэрыіуати таурыхьи дэщ.
ЦІыкІуми инми щІапщытыкІ кьапхъуатэу,
УзыщІешэ, хэльщи «Жьмыдзэ».

Телевизор еплъхэм зыхуей псори
БламыгъэкІыу кьыщагъуэт си деж.
КьысщІатынум щІэмыфыгъукІыжхэр
Ильэс ныкьуэ псокІэ щІемыгъуэж.

Дауэ ар зэридзэр адыгэпсэм?
МашІэщ тевдзэр, куэдым фыхокІыж.
ФымыщІыж Іумпэм ди адыгэбзэр,
Ар фи гъунэгъу псоми схуажефІэж.

ДЫДУ-ЩОДЖЭН Тамарэ.

Дыгулыбгъуей кІуажэ.

Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджькІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлпейкІи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытетдзэ хъунущ республикэм и почтт Іуэхущіапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Пшыхьхэр

ИугъащІэ Темыркъаным!

Санкт-Петербург и филармонием и художественнэ унафэщІ Темыркъан Юрэ илъэс 70 зэрырикъур дыгъэгъазэм и 12-м игъэтхъэпІащ. Абы и щІыхькІэ Урысейм и филармоние оркестр нэхъыфІ дыдэхэм концерт ин щатащ филармонием и пэщІыхьэм.

КОНЦЕРТЫМ щІимыдзэщІыкІэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кІыпІэхьа хъуэхъум къеджащ къэралым и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ищхьэрэ - Кьухьэпіэ федералнэ округым щыІэ Клебанов Илья. Юбилярым апхуэдэу хъуэхъу псалъэхэмкІэ зыхуигъэзащ Санкт-Петербург и губернатор Матвиенкэ Валентинэ. Абы и ужькІэ утыкум кьихьащ концертыр езыгъэкІуэкІ Швыдкой Михаил.

Концертыр кьыззэІуахащ Глинкэ Михаил и «Жизнь за царя» оперэм щыщ «Славься» хорымкІэ. А пщыхьэщхьэм зым зыр нхъуэжу утыкум итащ дирижер щІэрыІуэхэу Алексеев Николай, Дмитриев Александр, Янсонс Марис сымэ. Япэ Іыхьэм хиубыдэу Темыркъан Юрэ и щІыхькІэ езыхэм я репертуарым хыхьэ музыкэр ягъэзэщІащ пианистхэу Вирсаладзе Элисо, Кисин Евгений, скрипачхэу Седзи Саакэ, Кремер Гидон, виолончелистхэу Гутман Натальи, баритон Лейферкус Сергей сымэ.

Концертым и етІуанэ Іыхьэм ирихьэлІэу пшыхьым къыщІыхьащ УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Авдеев Александр. Абы и хъуэхъум кьыхигъэщащ Темыркъан Юрэ дуней псом щэнхабзэм и дежкІэ иІэ мыхьэнэр. Оркестрым игъэзащІащ юбилярым и щІыхькІэ Щедрин Родион итха «Вивата!» пьесэр. АдэкІэ утыкум кьыхьащ скрипач Репин Вадим, пианист Мацуев Денис, альтист Башмет Юрий, уэрэджьІакІуэ щІэрыІуэ Хворостовский Дмитрий сымэ.

Концертым щІэсахэр зэфІэту юбилярым куэдрэ Іэгу хуеуащ.

Дирижер иным и юбилей пщыхьэщхьэм щыІащ щыху куэд хэту Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа делегацэр, КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и пашэу.

. . .

Дыгъэгъазэм и 14-м Санкт-Петербург къыщызэІуахащ «Гъуэзджэм и утэ» дунейпсо щІымахуэ фестивальр. Мы гъэм ар хуагъэпсащ Брамс Иоганнес къыззрагъэхуэр илъэси 175-рэ зэрырикъум.

ФЕСТИВАЛЫР къыщыззІуахащ Петербург и филармонием и пэщІыхуэм. Япэ дыдэ утыкум кьихьащ махуитІ япэкІэ мы пэш дыдэм зи юбилей щызэпкъэпІа дирижер щІэрыІуэ Темыркъан Юрэ. Абы щыгъуэ концертым хэтащ пианист Кисин Евгений. Оркестрымрэ абырэ ягъэзэщІащ Брамс и япэ концертыр. Апхуэдэу а пщыхьэщхьэм ягъэзащІащ Прокофьев Сергей и «Ромео и Джульеттэ» балетым щыщ музыкэ.

Японием и предприятэ нэхъ ныхэри, къэралым и производствэр зэрыщытри нобэ къызэрахута щытыкІэ гугъуэм хуэдэ, 1970 гъэхэм лъандэрэ щыІакъым.

Апхуэдэ Іуэху епльыкІэм хуэкІуащ Японием и ахьшэхъуампІэ нэхъыщхьэм и экспертхэр, предприятэхэм я экономикэ щытыкІэр зыхуэдэм хэпльа нэужь. Апхуэдэ къэпщІэныгъэхэр а банкым мазищ кьэс зэ иреГъэкІуэкІ, къэралым и предприятэ, компание мини 10-м я Іуэхуэр зытетыр зэхигъэкІыу. Экспертхэм къызэралъытэмкІэ, Іуэхущіапіэ нэхъыфІхэр «хэзыгъэщІар» дунейпсо финанс кризисырщ. Абыхэм къыщІагъэкІ хьэпшыпхэр куэдкІэ ягъэмэщІэн хуей хуащ Америкэм, Европэм, Азием щащэхум зэрыхэщІам къыхэкІыу.

(ИТАР-ТАСС).

Японием и предприятэ нэхъ ныхэри, къэралым и производствэр зэрыщытри нобэ къызэрахута щытыкІэ гугъуэм хуэдэ, 1970 гъэхэм лъандэрэ щыІакъым.

Апхуэдэ Іуэху епльыкІэм хуэкІуащ Японием и ахьшэхъуампІэ нэхъыщхьэм и экспертхэр, предприятэхэм я экономикэ щытыкІэр зыхуэдэм хэпльа нэужь. Апхуэдэ къэпщІэныгъэхэр а банкым мазищ кьэс зэ иреГъэкІуэкІ, къэралым и предприятэ, компание мини 10-м я Іуэхуэр зытетыр зэхигъэкІыу. Экспертхэм къызэралъытэмкІэ, Іуэхущіапіэ нэхъыфІхэр «хэзыгъэщІар» дунейпсо финанс кризисырщ. Абыхэм къыщІагъэкІ хьэпшыпхэр куэдкІэ ягъэмэщІэн хуей хуащ Америкэм, Европэм, Азием щащэхум зэрыхэщІам къыхэкІыу.

Буш вакъэхэр ираутІыпщ

США-м и президент Буш Джордж Багдад пресс-конференц щриГъэкІуэкІащ, Ираким и премьер-министр аль-Малики Нури и гъусэу.

Буш къыщыщІалъэ журналистхэм ящыщ зым и вакъэр лъихри абы ириутІыпщащ, хьэрыпыбзэкІэ мыпхуэдэ псалъэхэр щІигъури: «Мыр Иракым и цІыхубэм пхуиущІ тыгъэщ! Уэхъэщ».

И етІуанэ вакъэр США-м и президентым щриутІыпщым, абы жиІащ: «Мыр фызабэу, сабий зеиншэу кьэнахэм, Иракым щебгъэхъа псоми кьапэкІуэу кьуатыж!»

И вакъэхэр щриутІыпщым, журналистыр Буш метриплІ хуэдизкІэ пэжыжьэу арат. Ар президентым и хьумакІуэхэм яубыдри, пэшым щІащащ.

Апхуэдэ Іуэхугъэу зылэжьар Египетым и «Аль-Багдадиа» телеканалым Иракым щигъэлажьэ корреспондент Мунтадхар аль-Заидищ. Буш журналистэм яжриІащ хьэрыпыбзэ зэримыщІэм кьыхэкІыу абы и псалъэхэр зыкъэзрыгурымыІуар икІи къэхьар Іуэхугъуэ дыхьэшхэну, демократием и щапхъэ лейуэ кьызэрильытэр. Ауэ вакъэр щІыхум ебутІыпщыри, ар хьэм хуэбгъэдэнри хьэрыпхэм я дежкІэ егъэлеяуэ узыгъэпуд Іуэхущ. ФІэщхьыгъуейщ абы Буш Джордж щымыгъуаззу.

Унафэмкіэ арэзыкъым

Приморскэ щІыналъэм и Хабзэгъэув собранэм и депутатхэм дыгъэзэ лъэІукІэ Урысейм и Правительствэм зыхуагъэзащ, хамэ къэралхэм щызэпкъралъхьа автомобилхэр ди къэралым и гъунапкъэм къыщыпхьэрашкІэ щхьэщатыкІ ахьшэр ягъэмэщІэжыным щыгугъэу.

А пошлинэхэм хэгъэхуэным ехьэлІа унафэр 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къащтащ, етІанэгъэ щІыщыдзэм и 11-м лэжьэн щІидзэн хуейщ. А унафэм кьеХьумэ автомобиль щызэпкъралъхьэу Урысейм щыла-жьэ предприятэхэр. Ауэ Приморьем и автомобилистхэр абыкІэ арэзыкъым, сыту жыпІэмэ хамэщІ щызэпкъралъхьа автомашинэхэр абыхэм пуду икІи тыншу иджыри къэс къаІэрыхьэу щытащи. А щІыналъэм автомашинэ псыншІэу щыІэм я процент 90-р Японием щащІащ. Иджы, Приморьем и депутатхэм къызэралъытэмкІэ, унафэщІэмкІэ мыарэзыуэ. Приморье щІыналъэм и УВД-м къызэритамкІэ, Владивостокрэ абы пэмыжыжьэ Артём къалэмрэ щІыху 26-рэ щаубыдащ, унафэмкІэ мыарэзыуэ Іуэхугъэр зэрызэхуэдэм къыхэкІыу.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦Къызахъстан Республикэм и лъэныкъ гуфІэгъуэщ - 1991 гъэм ар къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦Нью-Йорк щекІуэкІынущ сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ Конвенцэм Іэ тезыдза къэралхэм я 13-нэ зэІуІэ.

♦Дыгъэгъазэм и 16 - 17-хэм Москва щызэхэтынущ «ЩІэныгъэ-технологие щытыкІэхэр Урысейм зиужьыныжмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ» зи фІэщыгъэщІэ щІэныгъэ сессие. Ар иреГъэкІуэкІ щІэныгъэхэмкІэ Урысейпсо академием.

♦Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикьэ 34-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикьэ 30-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикьэ 56-рэ.

Плансэр зыгъэхьазырар ГЪУЩІО Зарифи.

Пщыхь Іуэхугъэ:

Хабзэр зэхалъхьэркъым, гъащІэм къыхокІ.

● КЪБР-м и Парламентым

Сыт узыншагъэр зэлъытар?

Иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и Унэм щыізэ хэтащ егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныжьмкІэ абы и комитетым и зэІушІэ, Кьыгъэхъэгъэ тепсэлъыхьащ республикэм щышІэ санитарно-эпидемиологие щытыкІэр егъэфІэкІуным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм. Зи цІэ кІитІуа комитетым хэтхэм нэмыщІ, зэІушІэм кІрихьэлІат КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуадзэ Фечченкэ Людмилэ.

ЗэІушІэр кьыхэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и комитетым и пашэ **Иванов Игорь.** Зытепсэлъыхьыну Іуэхугъуэхэр иубзыіуха нэужь, абы жиІащ щыпІэм и санитарно-эпидемиологие щытыкІэм республикэм щыпсэу Іуэхуэхэм и узыншагъэр куэдкІэ зэрелытар, ар егъэфІэкІуным кьарууэ яІэр ехьэлІэн зэрыхуейр.

Роспотребнадзорым КъБР-м щиІэ щыналъэ управленэм и унафэщІ **Хъэцыкъу Климентий** псалъэ щратым жиІащ уз зэрыщІалъэ кьыхэІуэ цІыхуэхэм я бжыгъэм республикэм зэрыщыхьуэр.

- 2008 гъэм и мазипщІым кьапщтэмэ, КъБР-м щыпсэу цІыхуэхэм ящыщ 66389-м уз зэрыщІалъэ зэхуэмыдэхэр кьайуэлІащ. А узыфэхэм ящыщу щымкІэ ди сымадзэхэм я бжыгъэр нэхъыбащ, ик у ит урысейпсо бжыгъэм еплъыт-мэ, Апхуэдэу, кьаберзэлъыдэмэ, бруцеллезыр (хуэдэ 4,5-кІэ нэхъыбащ), дизентериер (хуэдэ 2,3-кІэ нэхъыбащ), кьыдыхэкІар кьахуэмыхуэ ныбэуз инфекцэрэ процент 28-кІэ нэхъыбащ, - кьыхигъэщащ абы. - А лъэхъэнэм кьырийбыдэу ВИЧ-инфекцэ кьыдэуз цІыху 37-рэ кьэтхутащ.

Республикэм и сымаджэщхэр, профилактикэ щрагъэкІуэкІыпхъэ нэгъуэщІ медицинэ Іуэхущапі эхэр эпидемиемэ зэрыхуэхъэзырыр кьыщащытам щыгъуэ, наІуэ кьэхъуащ мЕдицинэ лэжьакІуэхэр инфекцэхэм щызыхъумэ щыгъын хэха ирикъуу республикэм зэримыІэр, уз зэрыщІалъэ кьызэуалІэ сымаджэхэм я бжыгъэм хэхьуэ зэпытмэ. Мы илъэсым и кІуэцІкІэ грипп кьайуэлІащ цІыху 17-м. ОРВИ кьыдэу захэм я бжыгъэр 51196-рэ мэхъу. Гриппым щызыхьумэн мастэ зыхэлъхьапхъэ цІыхуэхэм я бжыгъэр 99090 хьу щхьэнІэ, федеральнэ бюджетым кьыхэхьІыу республикэм кьыІэрыхьа «Грипп» х ущхъэр зыхурикъуар цІыху 25650-щ. Республикэ, муниципальнэ мыльКум кьыхэжІыу апхуэдэ хущхъуэ хэлъхьэгъуэу мин 60 кьащхэуэн хуейщ хуэгъэ шкэхэм щеджэхэм папщІэ. ЭжІэ щыІэр ефджанКуэ 1040-м яхурикъунщ. А лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, сабийм эм хальхьащ фафІэмрэ полиомиелитымрэ зэрырпэщІэтын хущхьуэхэр.

ХьэцыкІуР апхуэдэу тепсэлъыхьащ уз зэрыщІалъэхэм ящыщ куэд кьызыпикІрыкІ хьэ, джэдуэ хьэрыІуэ кьэубыдыным ящыщ гурыуэхэм.

Псальэм папщІэ, Налшык кьалэм а Іуэхум щелэжьыр зы гуп закъуэщ, Майскэм - цІыхуитІщ. Республикэм и адрей щыпІэхэм мы Іуэхум гулытэ хэха щигъуэтыркъым.

ЦІыхуэхэр зэфэ, Іуэхущапі эхэм кьагъасэбэп псым и гугъу щищІым, ХьэцыкІым кьыхигъэщащ абы кьыхэжІа уз зэрыщІалъэ мы илъэсым кьриубыдэу зэрыщымыІар, ауэ псым фІагъ и лъэныкъуэкІэ арэзы уэзримыщІыр. Республикэм и жьІэ зыбжанэм яІэрыхьэ псыр изагъэкъым санитар-эпидемиологие мардэм. Кьапщтэмэ, Дзэлыкъуэ куейм цІыхуэхэм кьыщагъэсэбэп псыр зэрымыщІагъуэр кьыхигъэщащ щхьэнтэлъам.

ЗэІушІэм щытепсэлъыхьащ республикэм и курыт школхэм я еджакІуэхэр пщІэнІзу зэрагъашхэм. Апхуэдэ Іуэхум кьызэщІагъэуБыдэфыр еджакІуэхэм я процент 58-рщ. Зы сабийм махуэм хухахыр соми 8-рэ кІэпІейкІи 10-рэщи, абы щхьныгъуэфІ кьыпхущІэгъэжІыр-мэ, Сабийхэм я зыгъэпсэхуГъэ лъэхъэнэр тэмэму кьызэрэпэщІыным, узыншагъэм зэран хуэхъу ерыскъыкъэкІхэр цІыхуэхэм яІэрымыхьыным зэрыкІэлъыплъым, кьалэхэм, кьуаджэхэм щызэхуахьэс пхъэнкІийр и чэзум ІушыІым, цІыхум и узыншагъэм джжІэ мыхьэнэшхуэ эмІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри кьыщалэтащ зэІушІэм **Федченкэ Людмилэ, Иванов Игорь, Иуан Анатолэ, Жыгун Аскэр** сымэ, нэгъуэщІхэми.

Зытепсэлъыхьа ІуэхуэхэмкІэ щапхъэхэр депутатхэм ягъэбелджылац. КъБР-м и Правительствэр, Роспотребнадзорым КъБР-м щиІэ щыналъэ управленэр, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэхэр, апхуэдэуи республикэм и кьалэхэм, куейхэм я щыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр абыхъэм телъжьэн щхьэкІэ Іэрагъэхьащ.

БАБЫГУ Линэ.

Унагъуэ 423-м я псэупІэхэр ирагъэфІакІуэ

КъБР-м и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щыІэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и комитетым и зэ чэзу зэІушІэм республикэм и экономикэм и Інатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щызыгъэгъуэтыжу кьуэ кьраІэ и Іэдакъэ абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуадзэ Бозий Натальи, республикэм и муниципальнэ щыналъэхэм я лЫкІуэхэр. ЗэІушІэр иригъэкІуэкІащ Аграрнэ политикэмрэ щыІэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ комитетым и унафэщІ Несутулов Виктор. КьыІэхуэсахэр хэпльащ Іуэху зэмылІэужьыгъуэу тІощым изблагъэм.

«2010 ГЪЭМ нэсыху КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и кьуажэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэужьынр» республикэ программэ хэхар. Абы и мурад нэхъыщхьэр кьуажэдэсхэм псэупІэ и лъэныкъуэкІэ я Іуэхур егъэфІэкІуэнырщ, ахэр нэхъ тэмэму газкІэ, псыкІэ кьызэрэпэщІынырщ, щколхэр, социальнэ мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхущапі эхэр хуэунырщ е къэгъэнэщІыкІынырщ.

Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр щыІугъу, КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэжмкІэ министерствэм зэхитлъхьажащ кьуажэм унэщащІ папщІэ 2008 гъэм хьэралъэ зыдэІэпыкъунэу унатващІэхэм, Іэщ1агъэ1І щІалэхэм я спискэ зэгуэнр.

Мыгъэрей программэм 2007 гъэм елытагъэу унагъуэ 56-кІэ нэхъыбэ хагъэхащ. Псори зэхэту дэІэпыкъуныгъэ щІыкІэм 183-м щыщу 102-р Іэщ1агъэ1І щІалэхэм я унагъуэхэрщ. Кьэрал субсидиехэм я хьэкъкІэяуэу, кьащэхуащ е кьащэхунущ метр зэбгъуэзнатІэ мин 12,6-рэ кьызэрыкІыну псэупІэжэ. А щІыкІэм тетУ, 2006 - 2008 гъэхэм мы программэм ипкъ иткІэ я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуащ кьуажэ унагъуэу 423-м.

ЖыІагъуэхэр псыкІэ кьызэрызэрагъэпэщыр егъэфІэкІуэным мы гъэм трагъэкІуэда сом мелуан 64,8-м щыщу сом мелуан 18-р федеральнэ бюджетым, сом мелуан 32,8-р республикэ бюджетым кьыхэхІащ, сом мелуан 14-р нэгъэщІ эхкъыпІэхэм я хьэмкъкІэ кьызэрагъэпэщащ.

Доклад зыщІам кьыхигъэщащ апхуэдизэ ахъшэр пщІэнщэу зэрымыкІуэдар, абы и хьэкъкІэ кьуажэитхэм я Іуэкур зэрырагъэфІэкІуар. дызыхьэкІуэ ипхъэм аргуэру кьуажэ 15-м зыхуэфащэ гъэжьыгъэхэр зэрыщІагъэкІуэжырщ.

Къуажэдэсхэр газкІэ кьызэрызэгъэпэщар егъэфІэкІуэнми хуэфащэ гулытэ хуащІащ, а Іуэхум кьуажитІ кьуденм щытрагъэкІуэдащ сом мелуан 14,5-рэ.

Программэ хэхам и ахъшэ 2008 гъэм зытрагъэкІуэдахэм ящыщщ сабий 660-р щІэхэуну Анзорей кьуажэм дащІыхь курыт еджапІэр.

Дэхэу Валерэ кьызэрыгъэщамкІэ, мы программэр гъэзэщІынымкІэ хухах ахъшэр дызыхуэкІуэ ильэсым хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъунущ.

Доклад зыщІам жэуап иритащ депутатхэр зыщІэупщІа Іуэхущхэм.

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт** тепсэлъыхьащ 2009 гъэм республикэм и бюджетым и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, КъБЭрдей-Балъкъэр Республикэм курыт пльэхъэмэ тещІыхьа и финанс планым.

Комитетым и зэІушІэм щыІэхэпльащ нэгъэщІ Іуэху зыбжанэми.

БАТЫР Любэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапі эм и лэжьакІуэ.

● Ухуэныгъэщ1эхэр



КБР-м и Налог инспекцэм и унэу Налшык кьалэм дэтырщ.

Хьэрычэтыщ1эм и хьэл нэхъыщхьэу щытыпхъэр

Иджыблагъэ Налшык къэралыгъуэм и Іуэху зэтеухубзыр зи мурад хьэрычэтыщІэ ныбжьыщІэхэм, студентхэм папщІэ зэІушІэ щыхьэпэ щекІуэкІащ. Ар кьызэригъэпэщащ КъБР-м Экономикэ зыужьынырэмрэ сатумкІэ и министерствэм.

ЗэІушІэр кьызэІуихащ кьалэ администрацэм и тхьэмадзэм и къуадзэ, сатумрэ хьэрычэтыщІэ Іуэхуэхэмкі управленэм и унафэщІ **Тюбеев Хьызыр**. Ар кьыщыпсалъэм хьыхигъэщащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ республикэм хьэрычэтыщІэ Іуэхум зыщегъэужьыным мыхьэнэшхуэ зэрыраІэтыр, апхуэдэуи абы и лъэныкъуэкІэ зэхэтІыкІ Іуэхуэгъуэхэм кьытеувыІащ. «Хьэрычэтыщ1э Іуэхум республикэм екъулІэныгъэ щиІэнырщ кудкІэ елытагъ Іэщ1агъэ1І ныбжьыщІэхэм зрагъэгъуэтщІэнигъэм, сатум хэкІыпІэхэр псынщІэу кьыщагъэхьэтыфу есэным, зыхуеину тхылъымПэхэр хабзэ и лъэныкъуэкІэ зэгъэкІуауэ зэрахьэфу, я хуитныныгъэмрэ я кьалэнхэмрэ нэсу зыхащІу я щытыным, - жиІащ Тюбеевым.

Нэхъыщхьэраш, фымыщІэмэ, фыщІэупщІэну фымыкІытэ».

Кьалэм и рекламэ агентствэм ящыщ зым и лэжьакІуэ Щоджэн Залым иригъэкІуэ1а семинарым хьэрычэтыщІэу уэзрыщытым щыхьэт техьуэ тхылъыр кьызэрадгихьным деж щетлэжьауэ, Іуэхум уэхэшыз япэ лъэбакъуэхэм техууэ нэгъуэщІ куэдми щытепсэлъыхьащ.

ЗэІушІэр кьызэрыгъэпэщащ зэгъэзгъэщІа зы Іуэхугъуэ кьыхэдгъэщынут тхылъым и кІэм: ныбжьыщІэхэр семинарым сыхьэт ныкъуэкІэ кьыкІэрыхуауэщ кьыщыдзэхуэсар. Хэт ищІэрэ, ахэр зыщІэс еджапІэхэм апхуэдэ щыІэхабзэмэ, ауэ иджы абыхэм зрагъэщІапхъэщ кьыпхуэгъэльэгъуа зэманым урихьэлІэу зэІушІэм уекІуэдІэфынырехьэгІэныгъэ иІэщу щІэхьэпс хъэрычэтыщІэм и хьэл нэхъыщхьэу зэрыщІ-

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр 2008 гъэм гъатхэпэм и 14-рэ зыгъэхахынум кьыхэкІыу КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм республикэм и хэхакіуэхэмрэ хэхакіуэ зэгуэхьныгъэхэмрэ щыгъэзэгъэнымкІэ зэкъоуплъхьэным и Законым и Іэдакъэ щекІуэкІащ. Ар кьызэригъэпэщащ КъБР-м Экономикэ зыужьынырэмрэ сатумкІэ и министерствэм.

Цыхуэхэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьнымк и Іуэхуэкі» КъБР-м и Законым и пп.6 и 7-м и Іэдакъэ щыІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хахын папщІэ кандидатхэм я спискэм хэту ильэс 21-рэ иригъуэ цІыхур кьагъэльагъуэ хьунущ. Кандидатхэм я спискэм хэту кандидатыр къэзыгъэльагъуэр хэхакІуэ зэгуэхьныгъэр.

Дэтхэнэ цІыхуми хуитныныгъэ иІэщ кандидатхэм я спискэу хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм кьыхилъхьэнум езым и кандидатурэр хагъэхьэн папщІэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІыным, нэхъ ерыскъыкъэкІ хэхакІуэ зэгуэхьныгъэр.

Дэтхэнэ цІыхуми хуитныныгъэ иІэщ кандидатхэм я спискэу хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм кьыхилъхьэнум езым и кандидатурэр хагъэхьэн папщІэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІыным, нэхъ ерыскъыкъэкІ хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм и официальнэу кьыщытрадзам (хэІущІыу щащІам) и ужькІэ махуищ нэхьыбэ дэмыкІыу дэтхэнэ зэхакІуэ зэгуэхьныгъэмэ зыхуигъаз хьунущ. А кандидатурэр политикэ партым хэту цІыхуищІ нэхъыр мынэхъ мащІэм даІуГ нэужьмэ (политикэ партым и щІыналъэ къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэмэ, ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа цІыхуищІри а щІыналъэ къудамэм хэтхэм ящыщу щытын хуейщ), кандидатхэм зыхуэфащэ я спискэм хагъэхьэн папщІэ кьыхахььа адрей кандидатурэхэм ящыгъуэу абыи фІэкІыпІэ имыІэу щытепсэлъыхьын хуейщ политикэ партым зэпымыуэу лажьэ и органым и зэІушІэм, конференцыем е щІыналъэ къудамэм хэт псоми я зэІушІэм.

ЦІыхум хуитныныгъэ иІэщ зэрыщІыхуэхьум е зэрыщІыхьэбзам, зыщыщ расэм, лъэпкъым, и бзэм, кьызыхэкІам, и мылькум, иІыгъ кьулыкъум, щыпсэу щыпІэм, диным зэрыхуущытым, и фІэщхьныгъэхэм, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм зэрыхэтым, апхуэдэуи нэгъуэщІ щытыкІэ эм емылъыгвуэ депут атУ ахъшэу.

Хахьну хуитныныгъэ иІэкъым зи акъылкІэ зэтемысу судым кьиІулъэ е суд унафэкІэ зи щхьэхуитныныгъэхэр зыІахаехэр щаІыгъ щыпІэм эм щыІэ щыІуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату зыхригъэжьну хуиткъым Урысей Федерацэм и цІыхуу нэгъуэщІ къэралым и гражданствэ зиІэм е нэгъуэщІ къэралым Іэпхъуэну хуит ящІам, апхуэдэу Урысей Федерацэм и цІыхур зэпымыуэу я щІыналъэ къэралым щыпсэуну зэрыхуитым щыхьэт техьуэ кьинэмыщІ документ зэратам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату зыхригъэжьну хуиткъым Урысей Федерацэм и цІыхуу:

1) щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр, (е) щІэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэхэр зэрилъэкъым кьыхэжьІыу яГъэтІысам икІи хэхьныгъэр щекІуэкІ махуэм ирихьэлІэу суд кьыкІэрилъхьа тезырир нэгъэсауэ зымыпшынам е я тезырир зэрытрамыхьжам;

2) Урысей Федерацэм и Уголовнэ и кодексым кьыщыгъэльэгъуа щІэпхъаджагъэу экстремист унэтІыныгъэ зиІэхэр зэрилъжьам папщІэ зэрытІысам икІи хэхьныгъэр щекІуэкІ махуэм ирихьэлІэу судым кьыгъэрилъхьа тезырир нэгъэсауэ зымыпшынам е я тезырир зэрытрамыхьжам;

3) Урысей Федерацэм Административнэ хэхьаншагъэхэмкІэ и кодексым и 20, 20.29 статьэхэм кьымыуэзэльэгъуа кьуаншагъэхэр зэрилъжьам папщІэ административнэ зэхуэпым ирашэлам, абы административнэ тезырир щытелъ пІалъэм хиубыдэу хэхьныгъэхэр екІуэкІ зэуэнам;

ПІалъэ пыухыкІакІэ цІыхум кьэрал, муниципальнэ кьулыкъуэхэр зэрихьэ мыхьэну кьару зыгъуэта суд унафэ щыІэмэ, а цІыхур кандидату ятх хьунукьым, а пІалъэр имыух щыкІэ хэхьныгъэхэр екІуэкІмэ.

Хэхакіуэ зэгуэхьныгъэхэм папщІэ

Кандидатхэм я спискэр х эхакІуэ зэгуэхьныгъэм кьегъэльагъуэ хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІын зэрыхуейм теухуа унафэр кьыгъэтрадза нэужь махуэ 30-м кьрифыдзу .

Хэхакіуэ зэгуэхьныгъэм и съездым (конференцыем) кандидатхэм я спискэр къэгъэльэгъуэным теухуауэ кьищта унафэр протоколу (нэгъэщІ документу) ятх икІи абы кьыщагъэльэгъуэн хуейщ:

1) съездым (конференцыем) и делегату ятхаХэм я бжыгъэр;

2) зыхуэфащэ политикэ партым и уставым ипкъ иткІэ унафэ кьащтэн папщІэ съездым (конференцыем) делегату хэтын хуей бжыгъэр;

3) кандидатхэр къэгъэльэгъуэнымкІэ унафэр, а унафэм теухуауэ Іэ зэрэІэтам кьрикІуакэр (кандидатхэм я спискэр щыІугъу);

4) хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм и уполномоченнэ лЫкІуэхэр гъэувыным теухуа унафэр;

5) унафэр кьыщащта зэманыр.

Хэхакіуэ зэгуэхьныгъэм хуитныныгъэ иІэщ хэхакІуэ зэгуэхьныгъэхэм зэпымыуэу цІыхуэхэр кандидатхэм я спискэм хигъэхьэну. Апхуэдэ цІыхуэхэм я бжыгъэр кандидатхэм я спискэм ирагъэкІуэнущ. Кандидатхэм я спискэм хэту кандидатхэм я уз зэрыщІалъэ щыщІам) и ужькІэ махуищ нэхьыбэ дэмыкІыу дэтхэнэ зэхакІуэ зэгуэхьныгъэм зыхуигъаз хьунущ. А кандидатурэр политикэ партым хэту цІыхуищІ нэхъыр мынэхъ мащІэм даІуГ нэужьмэ (политикэ партым и щІыналъэ къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэмэ, ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа цІыхуищІри а щІыналъэ къудамэм хэтхэм ящыщу щытын хуейщ), кандидатхэм зыхуэфащэ я спискэм хагъэхьэн папщІэ кьыхахььа адрей кандидатурэхэм ящыгъуэу абыи фІэкІыпІэ имыІэу щытепсэлъыхьын хуейщ политикэ партым зэпымыуэу лажьэ и органым и зэІушІэм, конференцыем е щІыналъэ къудамэм хэт псоми я зэІушІэм.

Кандидатхэм я спискэу хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм кьигъэльэгъуам хэхэгъэ цІыхуэхэм я бжыгъэр цІыхуэ 120-м щІигъу хьунукъым.

Кандидатхэм я спискэм хэтхэр, абы кандидатхэр кьыхэзрыщІэхэлъхьахэр хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм егъэбелджылы кІи кІи цІыхуб хьыбарегъащІэ ІуэхущІалъэ пІэм кьытрегъадзэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхьнымк и Іуэхуэкі» КъБР-м и Законым и 29 статьэм ятету кандидатхэм я спискэр хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм и уполномоченнэ лЫкІуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм ирет хэхьныгъэхэр егъэкІуэкІынымк Іэ теухуа унафэр официальнэу кьытрадза нэужь махуэ 30 нэ хььбэ дэмыкІыу.

А спискэхэм кьыщагъэльэгъуэ дэтхэнэ кандидатми и унэщІэр, щІэр, адэщІэр, кьыщащхьэуа зэманыр, и щІэныгъэр зыхуэ зэрыр, Урысей Федерацэм и субъектым зэрердэж, псэупІэ щыпІэр, лэжьапІэ, кьулыкъущапІэ Іэнаті э нэхъыщхьэр зэдащІэ районыр, кьалэр, нэгъэщІ жылагъуэр, иІыгъ, кьулыкъыр (лэжьапІэ, кьулыкъу Іэнаті э нэхъыщхьэ имыІэмэ - илэжьыр), (кандидатыр депутату щыгъэ икІи и полномочиехэр нэгъэщІ лэжьыгъэ иримыгъэкІуэжыкІу игъэзащІэмэ, - абы ехьэлІа Іуэхугъуэхэр, зыхуэфащэ ялыкІуэ органым зэреджэр кьыщыгъэльэгъуауэ), кандидатхэм суд трашІыхьауэ щытамэ, нэгъэщІ кьэралгражданствэ яІэмэ абыхэм ятеухуа Іуэхугъуэхэр, апхуэдэуи кандидатыр хуей нэужькІэ - Іэ щІэтыну махуэм зы ильэс нэхъ мащІэ имыІэжу ятха зы жылагъуэ зэгуэхьныгъэм зэрыхэтыр икІи абы щыІ статусыр зыхуэдэр - а Іуэхугъуэхэм щыхьэт техьуэ икІи зыхуэфащэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и органу зэпымыуэу лажьэм и унафэщІым и Іэ зыщІэдзар яригъэльагъ умэ. Кандидатхэм я спискэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм ирагъэкІуэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм игъуэва теплъэ иІэу зэрыбкІэ тедзауэ е машинэкІэ укьеджэ хьуэу.

Кандидатхэм я спискэм кьадэкІуэу, Іуэхущапі эхэм я копие щІэныгъэр и апхуэдэхэр иритын щІимыдзэм и щхьэусыгъуэмкІэ лъабжьэ зиІэмкІэ унафэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм кандидатхэм я спискэр ирата нэужь, спискэм хэтхэм, абы-хэм кандидатхэр кьыхэзрыщІыхьа щыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэплъхъэ хьунукъым, езыхэм я заявленкІэ кандидатхэр хэкІыжынымк, е кандидатхэр хэхакІуэ зэгуэхьныгъэм ириджэжынымк, е кандидатыр зэрыІам, е кандидатыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэмкІэ кандидатхэм я спискэм зэрыхагъэкІыжам кьыхэкІыу кьэхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм кьищыкІыжынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм кьыхэзрыгъэпэщ кандидатхэм я спискэ Іэ зыщІэдзаэмрэ мыхьэр зытрагъэуаэмрэ хальхьажа зэхъуэкІыныгъэхэм псоми кьагъэсэбэп хьыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетхэм я абонентхэм щыгъуэазэ защІыжыкІэ Іэмал щыІэнкІи.

Фыщ1эупщ1э хьунущ 47-23-00, 40-26-88, 47-64-42 телефонхэмкІэ.

● Фысакъ!

Пыхуэсыхум зиубгъуну хуагъэфащэ

Іэщ1агъэл1эхэм зэрыжаІэмкІэ, апхуэдэ лъэпкъ 30-м зэ хьэхъуэ аращ. Пыхуэсыхум хуабжьу зиубгъуну хуагъэфащэ дыгъэгъазэм и кІэхэмрэ щІыщылэм и пэщІэдзэхэмрэ. Налшык къалэ щыІэ медицинэ Іуэхущапі эхэм я лэжьакІуэхэр хущІэхъуаф а узыфэр къалпкъымыхьэн папщІэ, сайт нэхъыбэм мастэкІэ хущхъуэ зэрыхальхьэным.

ФЕДЕРАЛЬНЭ бюджетым кьыхэкІыу къащэхуа хущхъуэр сабий садым екІуалІэ, 1-4-нэ классхэм щеджэ щІыкІу 9400-м халъхащ. 5-11-нэ классхэм щІэс еджакІуэхэм халъхьэну мастэхэр къащэхун папщІэ, Налшык къалэ администрацэм я Іуэхум сом мин 200 хуэхащ. Хущхъуэр зэман гъунэгъум къэІэрыхьнущ.

Апхуэдэу егъэджэныгъэ, медицинэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм, ильэс 60-м щхьэдэхэхэм зыхратІысхьэну мастэр федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу къэІэрыхьэну поплъэ.

А гупым химиябыдэхэм хущхъуэр аптекэм кьыщащэхуу зраХьэлІэ хъунущ.

ДУДАРФатимэ.

Фэтэрхэмкіэ къызэрагъэпэщ

Ипщэ Федерал щыналъэм щыяпэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэфІэІащ Курэкымрэ Урысей Федерацэмрэ я къэрал гъунапкъэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ лэжьыгъэхэр.

